



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE UIT NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ NAN ESTASYON MTA YO

Sit Penn Station, Grand Central Terminal, East 180th Street, 179th Street, Coney Island, Broadway Junction, Hempstead ak Ossining ap ouvri soti 12 me rive 16 me

MTA a pral bay yon Kat Metwo pou sèt jou gratis oswa yon tikè vwayaj ale-retou LIRR/Metro-North pou moun ki vaksinen nan sit yo

Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo; Anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse uit nouvo sit vaksinasyon tanporè nan arè estasyon MTA yo nan Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson yo. Sit yo ap sèvi jiska 300 vizit san randevou pa jou sou baz yo sèvi moun ki vini anvan yo, k ap itilize dòz vaksen Johnson & Johnson lan. MTA a ap bay ankourajman pou vaksinen nan sit yo, ki enkli yon Kat Metwo sèt jou gratis oswa tikè ale-retou Long Island Rail Road (LIRR) oswa Metro-North. MTA ap fè patenarya ak SOMOS Community Care, Northwell Health ak Westchester Medical Center sou sit yo. anplwaye MTA yo ka vaksinen nan sit yo.

"Nou te fè gwo pwogrè nan vaksinasyon Nouyòkè yo atravè eta a, men pousantaj vaksinasyon yo ap ralanti epi nou dwe redouble efò nou pou bay plis vaksen nan bra yo epi rasire moun yo ke vaksen an san danje pou moun pran l", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouyòkè yo ka ap goumen pou pran poz nan orè yo pou pran vaksen an, kidonk n ap pote l dirèkteman ba yo nan nouvo sit sa yo nan estasyon MTA yo. Toutotan gen plis Nouyòkè ki vaksinen, se toutotan eta nou an pi an sekirite pou tout moun, epi n ap kontinye eksplòre tout mwayen yo pou distribye vaksen an epi mete plis moun nan sekirite kont viris tèrib sa."

Sit yo ap ouvri soti mèkredi 12 me rive dimanch 16 me. Yo ankouraje moun k ap planifye pou vaksinen yo pou dispoze plis tan nan deplasman yo pou akomode pwosesis vaksinasyon an.

"Lè n asire aksè ki fasil pou vaksinasyon gratis, sa se kle pou reouvri New York epi rekonstui pi byen. MTA a fyè pou fè pati pa li pou ede gide rekiperasyon Eta a epi remete rejyon an sou pye", **Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Patrick Foye**

te deklare. "Lè ou pran vaksen an, ou p ap sèlman pwoteje tèt ou men konpatiyòt Nouyòkè ou yo nan moman desizif sa pandan y ap leve restriksyon COVID yo deplizanpli epi kliyan yo kòmanse ap retounen nan transpò an komen."

"Lè nou ofri vaksen gratis nan estasyon anpil trafik yo atravè sistèm transpò piblik yo, sa se yon etap enpòtan nan bon direksyon an nan sa ki gen pou wè ak konba kont COVID la", **Prezidan Pwovizwa Transpò Vil New York la, Sarah Feinberg te deklare.** "Fè pwomosyon yon anviwònman ki san danje se sèl pi gwo priyorite nou - yon anviwònman ki sekirize kont COVID, ak krim ak asèlman alafwa - epi li espesyalman enpòtan pandan n ap pase nan dènye faz rekiperasyon New York la. Nou enpasyan pou wè plis Nouyòkè nan sistèm nan pou pwofite de pwogram enpòtan sa."

Estasyon MTA yo disponib anba la:

Koridò Penn Station ki nan 34th Street la

Ouvri: 3 PM - 8 PM

Grand Central Terminal - Vanderbilt Hall

Ouvri: 8 AM - 1 PM

East 180th Street (Bronx)

Ouvri: 8 AM - 1 PM

179th Street (Queens)

Ouvri: 8 AM - 1 PM

Coney Island (Brooklyn)

Ouvri: 8 AM - 1 PM

Broadway Junction (Brooklyn)

Ouvri: 3 PM - 8 PM

Hempstead (LIRR)

Ouvri: 3 PM - 8 PM

Ossining (Metro-North)

Ouvri: 3 PM - 8 PM

Gen mesaj dijital k ap pase sou plis pase 12,000 ekran nan estasyon MTA yo, sou machin tren, ak bis yo pou fè pwomosyon lokalizasyon sit yo ak lè operasyon yo. Y ap difize kontni piblisite a pou plis pase 3 milyon abone atravè platfòm rezo sosyo MTA yo. Anons odyo yo ap pase tou nan plis pase 500 estasyon. Y ap pwodui siyalizasyon pou bay direksyon epi afiche yo nan sit tanporè estasyon yo pou ede asire bon jan sikilasyon. Enfòmasyon yo ap disponib tou sou [sitwèb MTA](#) a.

Anons sa a ajoute sou efò Eta New York kontinye fè pou rann vaksen COVID-19 la pi aksesib. Nan dat 27 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati 29 avril, tout sit vaksinasyon an mas eta yo ap ouvè pou vizit san randevou, yon kontinite nan efò pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman oswa vaksen yon sèl dòz Janssen/Johnson & Johnson lan, tou depann de disponiblite ak kote a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou epi elimine lòt baryè pou vaksinasyon yo pou Nouyòkè ki kalifye yo.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

Eta New York kontinye ouvri sit vaksinasyon kominotè tanporè nan kominote ki defavorize atravè eta a. Depi 15 janvyè, plis pase 200 sit kominotè tanporè te administre plis pase 77,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)